

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Antreprenè ak Vandè Modènizasyon Kay

Èske ou vann oswa fè travay modènizasyon kay nan Vil New York?

Itilize lis tout sa ou dwe genyen pou evite vyolasyon. Pou avantaj ou, chak Kondisyon gen ladan seksyon enpòtan lwa ak/oswa règ, pou ou kapab ale ladan pou jwenn plis enfòmasyon. **KEY** ki anba la a dekri sitasyon legal ak senbòl nou itilize nan lis tout sa ki nesèsè sa a.

KEY
NYC Code: NYC Administrative Code
RCNY: Rules of the City of New York
§: Section

Kondisyon		Èske ou satisfè kondisyon sa a?
Lisans		
1	<p>Si w ap fè oswa ofri pou fè travay modènizasyon kay nan kay prive nan Vil New York, ou dwe gen yon lisans DCA bay pou Antreprenè Modènizasyon Kay.</p> <p>Yon ti konsèy: Tout soutretan ou itilize dwe gen yon lisans DCA bay pou Antreprenè Modènizasyon Kay.</p> <p>NYC Code §20-387</p>	<input type="checkbox"/> Wi
2	<p>Si ou vann oswa mande travay modènizasyon kay nan Vil New York, ou dwe gen yon lisans DCA bay pou Vandè Modènizasyon Kay.</p> <p>Yon ti konsèy: Tout Antreprenè Modènizasyon Kay dwe gen omwen yon Vandè Modènizasyon Kay ki gen lisans.</p> <p>NYC Code §20-387</p>	<input type="checkbox"/> Wi
Obligatwa pou Antreprenè Modènizasyon Kay:		
3	<p>Ou dwe poste pano ki gen lisans ak plent DCA dwe kote tout kliyan yo kapab wè li oswa ou dwe montre li ba yon kliyan si li fè demann lan.</p> <p>6 RCNY §1-03(a)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
Kontra ak Estimasyon		
4	<p>Ou dwe bay yon estimasyon alekri pou yon kliyan ki fè demann lan.</p> <p>NYC Code §20-395</p>	<input type="checkbox"/> Wi
5	<p>Akò ant oumenm ak kliyan an pou travay modènizasyon kay dwe fèt alekri epi kliyan an ak antreprenè a oswa vandè a dwe siyen akò sa a.</p> <p>Yon ti konsèy: Ou dwe bay yon kopi kontra ki siyen an pou kliyan an anvan ou fè nenpòt travay.</p> <p>Yon ti konsèy: Tout kòmman pou chanjman nan kontra a dwe fèt alekri, epi antreprenè a oswa vandè a ak kliyan an dwe siyen li. Kòmman pou chanjman an dwe gen ladan pri travay siplemantè, nouvo pri kontra a, ak dat lè peman an dwe fèt.</p> <p>Yon ti konsèy: Itilize Estimasyon ak Kontra Final DCA pou Modènizasyon Kay ki disponib sou sitwèb nyc.gov/BusinessToolbox</p> <p>6 RCNY §2-221(a)</p>	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Antreprenè ak Vandè Modènizasyon Kay

Kondisyon	Èske ou satisfè kondisyon sa a?
<p>6 Kontra ou bay kliyan an dwe lizib epi li dwe nan Anglè òdinè.</p> <p>Yon ti konsèy: Si ou negosye kontra a nan yon lang ki pa Anglè, ou dwe bay kliyan an yon kopi kontra a nan lang Anglè ak lang ou te itilize pou negosye kontra a.</p> <p>6 RCNY §2-221(a)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>7 Men sa kontra a dwe genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dat kontra a • Non antreprenè modènizasyon kay la • Adrès biwo antreprenè modènizasyon kay la • Nimewo telefòn antreprenè modènizasyon kay la • Nimewo lisans DCA antreprenè modènizasyon kay la • Nimewo lisans DCA vandè modènizasyon kay la <p>6 RCNY §2-221(a)(1)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>8 Kontra a dwe gen ladan dat lè antreprenè a espere kòmanse travay la epi fini yon gwo pòsyon ladan.</p> <p>Yon ti konsèy: Si oumenm ak kliyan an dakò pou yon dat final pou travay la fini enpòtan, ou dwe note sa nan kontra a.</p> <p>6 RCNY §2-221(a)(2)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>9 Kontra a dwe gen ladan yon deskripsyon travay ki dwe fèt la.</p> <p>6 RCNY §2-221(a)(3)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>10 Kontra a dwe gen ladan yon deskripsyon materyo ak ekipman, tankou mak ak nimewo modèl, antreprenè a dwe bay.</p> <p>Yon ti konsèy: Kontra a dwe endike pri oumenm ak kliyan an dakò pou travay la ak materyo yo.</p> <p>6 RCNY §2-221(a)(3)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>11 Kontra a dwe bay avi pou kliyan an pou fè kliyan an konnen antreprenè oswa soutretan ki fè travay la epi si li pa touche, li ka gen yon reklamasyon kont kliyan an ki ka egzekite kont pwopriyete a.</p> <p>6 RCNY §2-221(a)(4)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>12 Kontra a dwe gen ladan yon avi pou kliyan an ki endike dapre Seksyon 71-a sou-divizyon 4 Lwa sou Dwa-Privilèj Eta New York, antreprenè a gen obligasyon legal pou depoze tout peman li resevwa yo anvan li fini travay la, epi, alapas depo a, antreprenè a ka depoze yon kosyon oswa Kontra Dedomajman avèk kliyan an pou garanti retou peman yo oswa aplikasyon peman yo dapre kontra a.</p> <p>6 RCNY §2-221(a)(5)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>13 Si kliyan an pral peye pa vèsman pandan travay la ap vanse, kontra a dwe gen ladan yon kalandriye peman avèk kantite lajan ki dwe peye a lè travay espesyal la fini.</p> <p>6 RCNY §2-221(a)(6)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>14 Kontra a dwe gen ladan tout pwomès ak garanti.</p> <p>6 RCNY §2-221(a)(7)</p>	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Antreprenè ak Vandè Modènizasyon Kay

Kondisyon	Èske ou satisfè kondisyon sa a?
<p>15 Kontra dwe gen ladan akò ou pou bay kliyan an yon kopi “Sètifika Asirans Konpansasyon Travayè” anvan travay la kòmanse.</p> <p>Yon ti konsèy: Enfòmasyon sou egzansyon nan gen asirans konpansasyon travayè disponib sou sitwèb Komisyon Konpansasyon Travayè Eta New York: http://www.wcb.ny.gov/</p> <p>Yon ti konsèy: Si ou te jwenn yon egzansyon nan kondisyon pou gen asirans konpansasyon travayè, ou dwe bay kliyan an yon kopi Sètifika Atestasyon Egzanpsyon ou resevwa nan Komisyon Konpansasyon Travayè Eta New York.</p> <p>6 RCNY §2-221(a)(8)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>16 Kontra a dwe endike antreprenè a ap jwenn tout pèmi pou travay la.</p> <p>6 RCNY §2-221(a)(9)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>17 Kontra a dwe gen ladan deklarasyon ki endike anba la a dirèkteman anlè liy siyati a:</p> <p>OUMENM, ACHTÈ A, KA ANILE TRANZAKSYON SA A NENPÒT KILÈ ANVAN MINWI TWAZYÈM JOU OUVRAB LA APRE DAT TRANZAKSYON SA A. GADE FÒM AVI ANILASYON KI TACHE A POU JWENN YON EKSPLIKASYON SOU DWA SA A.</p> <p>Yon ti konsèy: Deklarasyon sa a fèt pou an karaktè gra, epi gwosè lèt la dwe omwen 10 pwen.</p> <p>6 RCNY §2-221(a)(10)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>18 Ou dwe bay kliyan an yon fòm Avi pou Anilasyon apa nan moman kliyan an ap siyen kontra a.</p> <p>Yon ti konsèy: Mo ki nan fòm nan fèt pou an karaktè gra, epi gwosè lèt la dwe omwen 10 pwen.</p> <p>Yon ti konsèy: Avi pou Anilasyon an dwe fèt nan lang Anglè ak nan nenpòt lòt lang ou te itilize pou negosye kontra a.</p> <p>Yon ti konsèy: Telechaje yon Fòm Avi pou Anilasyon, ki nan fen Estimasyon ak Kontra Final pou Modènizasyon Kay DCA, sou sitwèb nyc.gov/BusinessToolbox</p> <p>6 RCNY §2-221(b)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<p>19 Kontra a pa kapab endike kliyan an anile, oswa abandone, nenpòt dwa oswa solisyon legal kliyan an genyen anba lalwa.</p> <p>NYC Code § 20-393(13)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
Pèmi	
<p>20 Antreprenè a gen obligasyon pou jwenn tout pèmi ak sètifika okipasyon ki nesèsè.</p> <p>Yon ti konsèy: Si ou dwe fè plonbri, travay elektrik, rejwentman oswa agrandisman kay, antreprenè a ka bezwen jwenn yon pèmi nan Depatman Konstriksyon [Department of Buildings (DOB)] Vil New York.</p> <p>Yon ti konsèy: Ale sou sitwèb DOB pou jwenn plis enfòmasyon: www.nyc.gov/buildings</p> <p>NYC Code §20-402.1</p>	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Antreprenè ak Vandè Modènizasyon Kay

Kondisyon		Èske ou satisfè kondisyon sa a?
Peman ak Finansman		
21	Ou pa kapab fè aranjman pou finansman oswa ou pa kapab ede yon kliyan jwenn finansman pou travay modènizasyon kay. NYC Code §20-393(4)	<input type="checkbox"/> Wi
22	Pandan pwosesis travay la, antreprenè a pa kapab itilize peman kliyan an pou fè nenpòt depans ki pa asosye dirèkteman avèk modènizasyon kay la. 6 RCNY §2-223(c)	<input type="checkbox"/> Wi
Pwoteksyon Travay la		
23	Yon antreprenè pa kapab fè nenpòt travay ki nan kontra a oswa ou pa kapab fè nenpòt chanjman nan pwopriyete kliyan an anvan peryòd anilasyon twa (3) jou a pase. NYC Code §20-394.1	<input type="checkbox"/> Wi
24	Antreprenè a pa kapab fè travay ki pa nan kontra a, oswa travay ki diferan avèk travay ki dekri nan kontra a, san konsantman kliyan alekri. NYC Code §20-393(1)	<input type="checkbox"/> Wi
25	Antreprenè a dwe konfòme li avèk tout lwa konstwiksyon, lwa enstalasyon sanitè, lwa konsènan dife, ak lwa sou sante Vil New York. NYC Code §20-393(6)	<input type="checkbox"/> Wi
26	Ou pa kapab mande kliyan an pou li siyen yon sètifika finisman travay anvan antreprenè fini travay la toutbon. NYC Code §20-393(12)	<input type="checkbox"/> Wi
27	Antreprenè a dwe fè travay la avèk bon jan ladrès, epi li dwe fini travay ki endike nan kontra a. NYC Code §20-393(11)	<input type="checkbox"/> Wi
Reklam		
28	Reklam yo dwe gen nimewo lisans DCA antreprenè modènizasyon kay la. 6 RCNY §2-222(a)	<input type="checkbox"/> Wi
29	Reklam yo pa kapab fè konnen pwodui oswa sèvis ou yo ap bay avantaj ki pa baze sou done ou konnen epi ou kapab pwouve. Egzanp: Ou pa kapab fè reklam pou di fenèt ou vann oswa enstale yo ap redui bòdwo enèji kliyan an a yon sèten pousantaj si sa ou di a pa baze sou done ki kapab pwouve. 6 RCNY §2-222(r)	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Antreprenè ak Vandè Modènizasyon Kay

Kondisyon	Èske ou satisfè kondisyon sa a?
Dosye	
30 Antreprenè yo dwe konsève kopi tout kontra yo fè avèk kliyan yo, ak tout lòt dokiman ki gen pou wè ak biznis yo, pandan 6 zan. Yon ti konsèy: Ou dwe konsève kontra ki gen garanti ki depase sizan pandan tout dire garanti a.	<input type="checkbox"/> Wi
6 RCNY §2-223(b)	